# «Жалолиддин Мангуберди әўладлары» спартакиада жарысы басланды

Усы жыл 21-апрель күни Нөкис қаласында Өзбекстан Республикасы Ишки ислер министрлиги академиялық лицейлери арасында «Жалолиддин Мангуберди әўладлары» спартакиада жарысы басланды.

Ашылыў салтанатында  дәслеп Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларының мәмлекетлик гимнлери жаңлады.

Image not found or type unknown

Буннан кейин Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министри А.Темирханов, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң комитет баслығы З.Реймова, Өзбекстан Республикасы Ишки ислер министрлиги басқарма баслығының орынбасары С.Абдуқадиров, Өзбекстан Республикасы жаслар ислери агентлиги Қарақалпақстан Республикасы басқармасы баслығы, сенатор А.Данияров шығып сөйлеп, Президентимиздиң басшылығында елимиздиң тынышлығын сақлаў, халқымыздың абадан турмысын тәмийинлеў жолында пидайылық көрсеткен ата-бабаларымыздың атларын мәңгилестириў, олардың ерлик ислерин жасларымыз арасында кеңнен үгит-нәсиятлаў, сол арқалы өсип киятырған жас әўладты ана-Ўатанға садықлық, миллий қәдириятларымызға ҳүрмет руўхында тәрбиялаў бағдарында әмелге асырылып атырған кең көлемли илажларға тоқтап өтти.

Image not found or type unknown

Солардан бири Жалолиддин Мангуберди жаслығынан әскерий орталықта ер жетип, жаўынгерлик өнерин пухта ийелеген, халқымызды сыртқы душпанлардан мүнәсип қорғаған ҳақыйқый миллий қаҳарман болды. Өзбекстан Республикасы Ишки ислер министрлиги академик лицейлери арасында «Жалолиддин Мангуберди әўладлары» спартакиада жарысын өткериўден  тийкарғы мақсет усындай ата-бабаларымыздың мәртлик ислерин жасларымызды санасына

сиңдириў, оларды Ўатынымыздың тынышлығын көздиң қарашығындай қорғайтуғын инсанлар етип тәрбиялаў болып табылады. Келешекте жарыс қатнасыўшылары арасынан усындай мәрт инсанлар көплеп жетилисип шығыўына исеним билдирди ҳәм оларға әўмет тиледи.

Image not found or type unknown

Үш күн даўам ететуғын жарыс қатнасыўышылары көп гүрес, жеңил атлетика, мини футбол  жарысларында беллеседи.

Салтанатлы ашылыў мәресиминде Өзбекстан Республикасы Ишки ислер министрлиги Қарақалпақ академиялық лицейи оқыўшыларының көргизбели шығыўы болды. Қатнасыўшыларға Өзбекстан Республикасы Ишки ислер министрлиги қосық ҳәм аяқ ойын ансамбли ағзаларының, республикамыз көркем өнер шеберлериниң концерт бағдарламасы қойып берилди.

Буннан кейин «Туран» стадионында, Олимпиада ҳәм миллий спорт түрлери  Нөкис жоқары шеберлик спорт мектебинде жарысларға старт берилди.

Image not found or type unknown

Д.АБИБУЛЛАЕВ,

Қарақалпақстан хабар агентлигиниң шолыўшысы.

М.ҲӘБИБУЛЛАЕВ тың түсирген сүўретлери